АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№1 (10099)

РУЗМАН

12 январь 2023 сон

1 РАДЖАБ 1445 СОН

Единство | Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ РЕДАКТОРАЛЪУЛ КОЛОНКА

**ПатІимат МУХІАМАДОВА**

**Ассаламу гІалайкум, хириял «Цолъи» газеталъул кидагосел ритІухъал цІалдолел!**

ЦІияб лъагІелалде гали тІамулаго, бисмиллагьги бахъун, араб соналъул къокъабго хІасилги, 2024 соналъ тІуразе ракІалда ругел масъалабазулги хъвазе ниятaлда байбихьулеб буго тІоцебесеб номер. Газеталдасан къватІире кьурал районалда рукІарал аслиял ишазул ва лъугьа-бахъиназул къокъаб хІасил кьолеб буго нижеца 2-4 гьурмазда. Гьаб макъалаялда кІвар кьезе бокьун буго газеталда бахъараб гуребги, цогидаб кІвар бугеб хІалтІуде.

ТІолго пачалихъалдаго гІадин нилъер районалдаги кІодо гьабуна дунялалъул шагІир Расул ХІамзатовасул юбилей. Гьел тадбиразулъ гьитІинабго бутІа лъуна «Цолъи» газеталъул коллективалъги. Райадминистрациялъул фойеялда хІадурун букІана кІудияв шагІир ракІалде щвеялъе бокІон. Редакциялде рачІарал гьалбадерица гьенир цІалана Расулил асарал. Гьедин нижеца тІобитІана #ЦІалилаРасул абураб акция. Чанго нухалъ рахъана Расулил хІакъалъулъ макъалабиги, гІахьаллъана районалда ва район бахун къватІирехун гьарурал тадбиразулъ.

Аваразул цІар рагІарал ва нилъер районалъул къиматкъадру борхизабурал гІадамазул хІакъалъулъ хъвай буго редакциялъул аслиял масъалабазул цояб. Исана Шамил район гІуцІаралдаса 95 сон балеблъи хІисабалдеги босун, хІадуризе руго репортажал нилъер мустахІикъал районцоязул, миллиябгун маданияб нахърателалъул, росабазул гІумру-тарихалъул хІакъалъулъ.

СВОялда гІахьаллъи гьабулезе ва гьезул хъизан-лъималазе райадминистрациялъ гьабулеб хІалтІулъги цІикІкІунисеб бутІа лъуна редакциялъул коллективалъ. ГІуцІана тадбирал, байрамал баркун щвана хъизаназухъе, улбузухъе, гьабуна кверчІвай хварал рагъухъабазул лъимал-хъизаназе, хІадурана ва щвезабуна щуго нухалъ гуманитарияб кумек.

МагІарул мацІ цІуниялда хурхун гьабулеб хІалтІулъ кІудияб бакІ ккола нилъер районалъе араб соналъ «Авар мацІалъул мугІалимзабазул слет»алда бергьенлъи щвей. Исанасеб тІолго магІарулал ракІарараб гІуцІи нилъер районалда тІобитІиялъе кумек гьабиги буго редакциялъул масъалабазул цояб.

ЦІиял гІелазе битІараб тарбия-лъай кьей буго гІакъилаб обществоялъул аслияб мурад. Гьелъго батила гІадамасул гІумруялда жаниб лъаялъул, тарбиялъул, рукІа-рахъиналъул кьучІ лъолел мугІалимзабигун насихІатчиясул лъагІелалда хадуб 2024 сон хъизанал кІодо гьариялъул сонлъун лъазабураб нилъер пачалихъалда. Нилъер районалда гІемерал мисалиял хъизанал рукІин хІисабалде босун, гьезул хІакъалъулъ хъвазе ва передачаби рахъизе хьул буго нижер. БакІалъулаб телевидение гьечІелъул, кин передачаби рахъилел абураб пикру бижун батила нужер. ЦІалдолезулгун бухьен гІатІид гьабизе мурадалда социалиял гьиназда нижеца гІуцІана цІияб телеграмм-канал - «Цолъи» https://t.me/+tChLFQYXV2lmNWI6 . Гьенисан щвезе руго нужехъе щибаб къойил цІиял харбал ва анкьи-анкьиде цІияб номер электронияб форматалда, гьанирго лъезе руго лъикІ лъугьарал видео-репортажал.

РухІияб рахъ цебетІезабиялъе кІудияб цадахъаб хІалтІи лъугьана араб лъагІалида жаниб дагІваталъул отделгун. Гьезда цадахъ редакциялда тІобитІана кІиго конкурс ва тІолабго лъагІелалъ газеталдасан нужехъе щвана росабазул имамзабазул лъикІал вагІза-насихІатал, исламалъул нухда рубрикаялдаса. Баркала буго инсанасул рухІияб цебетІеялъулъ районалъул басмаялъ кколеб бакІалъул бичІчІигун цадахъаб хІалтІи гІуцІарал Муфтияталъул дагІваталъул отделалъул хІалтІухъабазе.

ЛъагІалидаса-лъагІалиде подпискаялъе жигарлъи бихьизабулел районцоязеги буго нижер рахъалдасан кІудияб баркала. Кидагосел нижер мухІканал цІалдолеллъун руго мугІалимзаби. Хасго гІисинал росабалъ ругел школаз гьоркьов чи виччачІого подписка гьабун батула санайил.

Подписка нахъе ккезе биччаларел почтаялъул отделениял ккола КъахІиб, Ругъелда, ТІелекь, Гъ.Бакълъухъ ва ГІурада. Гьел отделениязул росабалъ ругел идарабазул хІалтІухъабигун лъикІаб бухьеналъул хІасил батила гьеб.

Къуват кьеги нилъее киназего рекІелъ бацІцІадаб ниятгун, кІалалда хІеренаб каламгун кІвар цІикІкІарал, районалъе мунпагІаталъе гІаммал ишал гІуцІизе.

*«Къалмица хъвараб, гІощтІоца къотІуларо»*

## Араб соналъул цо-цо хІалтІаби ва лъугьа-бахъинал

*Гьале сверана XXI гІасруялъул цойги сон, бегана нилъер гІумруялъул цоги тІамач, нилъеца дандчІвай гьабуна ЦІияб 2024 соналда. Ана 2023 сон жиндирго захІмалъабигун, рохалил лахІзаталгун, тІурарал ишалгун ва бачІунеб соналде рижарал анищалгун.*

*Араб 2023 сон тІолго улкаялда лъазабун букІана мугІалимасул ва насихІатчиясул лъагІеллъун, Дагъистаналда ва республика бахун къватІибехун гІатІидго кІодо гьабуна дунялалдаго Дагъистан ва рахьдал мацІ машгьур гьабурав магІарулазул шагІир Расул ХІамзатов гьавуралдаса 100 сон тІубай. ЧІахІиялги гІисиналги тадбирал жанире рачун «Цолъи» газеталъул коллективалъ тІобитІана районалъул басмаялъул унго-унгоял гьудулзабигун 52 дандчІвай. ЛъагІалида жаниб 52 нухалъ цІунана ва кІодо гьабуна магІарул мацІалъул берцинлъи, пасихІлъи. «Къалмица хъвараб, гІощтІоца къотІуларо» - ян абураб кициялда рекъон, иргадулаб нухалъ цІезабуна районалъул маданияталъул ва тарихалъул нахърателалъул гъамас.*

*Гьеб кинабго ракІалде щвезабизе цІале 2-4 гьум.*

2-4 гьум.

# Щулияб хъизан- улкаялъул бечелъи

**Лъалеб букІахъе, исана 2024 сон, улкаялъул Президент В. Путинил указалда рекъон Россиялда лъазабун буго Хъизаназул лъагІеллъун. Гьелъул аслияб мурад гІадатияб хъизан ва гьелъул къимат борхизаби, къватІисел тушбабазул «демократиялъ» рекьулел инсанасул напсалъ ва диналъ къабул гьаруларел гьоркьорлъабазе дандечІей буго. «Зазил хьон бекьаралъуб чамасдакІил гъветІ баккуларо» -ян абиялда рекъон, щивасул борчлъун ккола хъизан-рукъ цІуни.**

Дагъистаналда кидаго кІвар кьолаан хъизан щулалъиялъе, гьелъул къимат борхизабиялъе, щайгурелъул, щибаб жамгІияталъул кьучІ кколелъул хъизан, гьеб щулалъанагІан лъикІлъула тІолго пачалихъалъул ахІвал-хІалги. Нилъер районалда даим кІодо гьарула хъизан-рукъалда хурхарал гІадатал, жакъа къоялъги хІаракат бахъула гьел цІунизе ва щула гьаризе.

Нилъер район кидаго бечедаб букІана маданияталъул ва инсанлъиялъул рахъалдаса. Росабалъ къиматго цІунун руго ригьнал гьариялъул гІадатал ва хъизанлъи щула гьабиялъе тІоритІулел тадбирал. Нилъер аслияб бечелъи ва тІокІлъи буго хъизан-рукъ цІунун, наслабаз наслабазухъе кьун къадру-къиматалда хьвада-чІвади. Щулияб ва цоцалъ рекъараб хъизамалда камуларо лъимадул релъа-рохараб гьаракь, чІахІияздехун бугеб хІурмат ва адаб. Гьединал хъизамазда тарбия кьеялъулъ гІатІидго хІалтІизарула магІарул яхІ-намусги, тІадегІанлъиги, чилъиги борцунел ва цІунулел къанунал.

Нижеца ахІулел руго киналго газета цІалулел «Хъизанлъиялъул гІадатал» абураб проекталда гІахьаллъизе. Щибаб росулъ руго гІемер лъималазулал, гІемер соназ цадахъ гІумру тІамурал ва гьел гурелги батІи-батІиял хаслъабаз сверухъ ругезе мисалияллъун ругел хъизанал. Гьелда хурхун тІоритІизе руго чанги чІахІиял тадбирал. Гьелъул байбихьиялъул рахъ рухІиял церехъабазги ккезе буголъиялда щибго щаклъи гьечІо. Гьабе редакциялъулгун бухьен, ахІе ниж гьоболлъухъ, ниж кидаго хІадурал руго нужгун дандчІвазе.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ЦОЛЪИ -2024

## 2024 соналъул 1-себ бащдаб лъагІалие подпискаялъул хІасил

| № | ХІебда почалде гьоркьоре унел идараби ва росаби | Подпискаялъул къадар |
|---|---|---|
| 1 | Администрация | 11 |
| 2 | ЕДДС | 1 |
| 3 | Пенсионный фонд | - |
| 4 | Ветеринарное управление | 2 |
| 5 | ЦРБ | 19 |
| 6 | Сельхозотдел | 1 |
| 7 | СОШ | 17 |
| 8 | Садик | 17 |
| 9 | КЦСОН | - |
| 10 | РУЭС | 1 |
| 11 | Россельхозбанк | 1 |
| 12 | Военкомат | 1 |
| 13 | Райпо | 1 |
| 14 | Районный суд | 1 |
| 15 | УСЗН | - |
| 16 | ОНО | 12 |
| 17 | Школа искусств | 2 |
| 18 | Дом культуры | 8 |
| 19 | Библиотека | 16 |
| 20 | Финотдел | 1 |
| 21 | Прокуратура | - |
| 22 | Налоговая | - |
| 23 | Поликлиника | - |
| 24 | ОМВД | 5 |
| 25 | МФЦ | - |
| 26 | Вет.лаборатория | - |
| 27 | ЦЗН | - |
| 28 | МЧС | - |
| 29 | Редакция | 3 |
| 30 | Сельская администрация | 3 |
| 31 | Рукъзабахъе хъвараб | 3 |
| 32 | Ратлуб СОШ | 12 |
| 33 | ЩекІоб | - |
| 34 | Лъануб | 10 |
| 35 | Могьохъ | 17 |
| 36 | НитІаб | 1 |
| 37 | Къваниб | 5 |
| 38 | Гьандихъ | 10 |
| 39 | Хучада | 10 |
| 40 | Датуна | 5 |
| | **Росабалъ ругел почаздасан хІасил** | |
| 41 | Ругъелда | 53 |
| 42 | ТІидиб | 20 |
| 43 | Гьолокь | 31 |
| 44 | ГІурада | 74 |
| 45 | КъахІиб | 38 |
| 46 | Гъ.Бакълъухъ | 63 |
| 47 | ТІелекь | 40 |
| 48 | ГІуриб | 55 |
| 49 | ГІасаб | 28 |

ХІурматиял районцоял, январь моцІалъги гьабизе бегьула 2024 соналде почалдасан подписка. Январалда газета хъварав чиясе гьеб щола февралалдаса байбихьун.

■ «КЪАЛМИЦА ХЪВАРАБ, ГIОЩТIОЦА КЪОТIУЛАРО»

# Араб соналъул цо-цо хIалтIаби ва лъугьа-бахъинал

## Расул ХIамзатовасул 100 сонилаб юбилей

**«Наслабазе толеб буго Дагъистан –дир рокьул, дир анищазул улка»**

**(Расул ХIамзатов)**

Дунялалдаго Дагъистаналъулги, гьитIинабго ЦIада росдалги цIар ратIизабурав Расул ХIамзатов лъалареб бокIон гьечIо, лъалелщиназеги гьесул гIумруялъул ва творчествоялъул лахIзатал жеги лъикI лъазе ва рихьизе рес букIана араб соналъ.

КIудияв шагIирасул соналъе берцинаб байбихьи лъуна 31 январалъ - ХIебда маданияталъул кIалгIаялда тIобитIараб тIабигIаталъ хIикматаб гьунар жиндие кьурав, такрарлъи гьечIев Расул ХIамзатовасул сон нилъер районалда рагьулеб байрамияб тадбиралъ.

## ЦIалила РАСУЛИЛ асарал

Байрамияб хIалалъ рагьараб Расулил соналъул тадбираздаса цояблъун букIана гьесул асарал цIалулеб акция.

2023-леб сон лъугIизегIан щибаб арбагI къоялъ райадминистрациялда идарабазул нухмалъулез, мугIалимзабаз, цIалдохъабаз ва Расулил къимат гьабизе лъалелщиназ – бокьарал гъира бугез цIалана КIудияв шагIирасул тIасарищарал асараздаса куплетал.

## МугIалимасул ва насихIатчиясул сон

МугIалим! Цоги батиларо гьелдаса жавабияб, кIвар цIикIкIараб, ВатIаналъул букIинесеб куцалеб къебелъилъун кколеб махщел.

Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, Россиялъул президент Владимир Путинил указалда рекъон, 2023 сон лъазабун букIана мугIалимасул ва насихIатчиясул сонлъун.

МугIалимасул ва насихIатчиясул лъагIелалда гьарулел киналго тадбиразе байбихьи лъолеб байрамияб тадбир тIобитIана 16-леб марталда районалъул маданияталъул кIалгIаялда.

АБАДИЯЛЪЕ ХУТIАРАЛ ЦIАРАЛ

## Мемориалияб хъарщал рагьана ва рагъухъабазул хъизаназе кумек гьабуна



Араб соналъ нилъер районалдаса рагъда чIваразул рикIкIен бахана 22 чиясде. Гьезда гьоркьоса районалде рачIун гIагарал росабалъ рукъарал 11 чиясе (хутIарал рукъана район тун къватIирехун) рагьана мемориалиял хъарщал. ЧIварал рагъухъабазул хъизаназе ва мобилизациялда рекъон рагъде аразул хъизанаzе щибаб байрамалде ва хIажалъи бугелъе районалъул «Кинабго фронталъе. Кинабго Бергьенлъиялъе» фондалдаса гьабуна бажарараб кумек. (Фондалъул хIалтIул гIатIидаб баян къезе буго хадусеб номералда).

Къадруялда тIадаб хъулухъ тIубалел районцоязулги сияхI кIудияб буго, гьезие щолел ругел тIадегIанал рагъулал шапакъатазул нижеца гьоркьоса къотIи гьечIого баян кьолеб букIана. Жакъа къоялде шапакъатазе мустахIикълъун руго 46 чи, гIемерал руго гьезда гьоркьор такрарго орденал ва медалал щварал.

## РакIалдещвеялъул ах рагьана

Райцентралдаса рикIкIад гьечIого, ХIебдаса ГIураде унеб бакIалда Украиналда тIобитIулеб бугеб СВОялдаса руссинчIел районцоял ракIалдещвеялъе гIуцIана ракIалдещвеялъул ах.

Гьеб рагьулеб тадбир тIобитIана 3 ноябралъ. Тадбиралъ райцентралъул гIагарлъухъ данде ракIарун рукIана чIварал васазул хъизанал, гIагарлъи, районалъул нухмалъулел. ТIаде рачIарал гьалбазда гьорлъ рукIана ДРялъул рохьил магIишаталъул комитеталъул председатель Вагьаб ГIабдулхIамидов, ДРялъул бетIерасул контролияб управлениялъул нухмалъулев Темирлан Шабанов, Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Задиев ва цогидал гьалбал.



РАХЬДАЛ МАЦI ЦIУНИ

## Авар мацIалъул юбилеялъулаб фестиваль

Февраль моцIалда МахIачхъалаялда тIобитIана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоялде гIуцIараб тадбир - Авар мацIалъул 10-леб юбилеялъулаб фестиваль. Республикаялъул магIарул «ХIакъикъат» газеталъ, магIарул мацI цебетIеялъе гьабулеб хIаракаталъухъ Шамил районалъе «ХIурматалъул грамота» сайигъат гьабуна.

Нилъер ракьцоязул гIахьаллъи, фестивалалъего хасаб берцинлъи кьураб, балагьаралги цIакъ разияб, бищун лъикIаблъун букIанин абуни гьереси ккеларо.

## Шамил районалъе тIоцебесеб бакI




Авар мацIалъул мугIалимзабазул щуабилеб руцIцIен исана тIобитIана 22-23 июлалда Гъуниб районалъул «Каскад» лагералда.

ТIолго магIарулазул беричаб байрамалда данделъун рукIана 20 гIанасел муниципалияб гIуцIиялъул вакилзаби. Азаргоялдасаги цIикIкIун чи гIахьаллъараб тадбир гIуцIараллъун рукIана санайилго гIадин «Авар мацIалъул мугIалимзабазул Ассоциация». Исанасеб мугIалимзабазул слет буссараб букIана, магIарул мацIги, маданият цIуниялде хасго кIвар кьолев вукIарав Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубай кIодо гьабиялде.

КIиябго къоялъул къецазул хIасилал жюриялъ данде росидал, тIоцебесеб бергьенлъиялъул бакI бихьизабуна нилъер районалъул къокъаялъе!

Гьаб соналъ гьеб фестиваль тIобитIизе рес щвана Шамил районалъе.

ПОЛИТИКА

## СултIан ХIамзаев нилъер районалда

2 апрелалъ РФялъул Федералияб Собраниялъул Госдумаялъул депутат СултIан ХIамзаев, ДРялъул бетIерасул советниклъун вукIарав нилъер районцояв Шамил ГIалиев ва цогидал хIалтIулаб сапаргун щвана нилъер районалде.

Гьеб сапаралъ жанибе бачун букIана гражданазул прием, районалъул хIаракатчагIигун дандчIвай ва цо-цо социалиял объектазде щвей.

21-леб июлалъги хIалтIулаб сапаргун нилъер районалде щвана СултIан ХIамзаев ва ДРялъул ХIукуматалъул вакилзаби – ДРялъул ХIукумуталъул председателасул заместитель ГIабдурахIман МахIмутIов, ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляева, РСПКялъул бетIерай тохтир, Шамил районалъул куратор Хадижат Танкаева ва цогидал хIурматиял гьалбал.



ХIалтIулаб сапаралъул мурад букIана ГIасаб ФАП (Фельдшерско-акушерский пункт), гьединго спортивияб ва футболалъул майданал рагьулел тадбиразде щвей, хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал ЦРБялъул хIалтIухъабазе Баркалаялъул кагътал сайгъат гьаризе ва район цебетIеялъеги, жамагIатазул гIумру бигьа гьабиялъеги суалал рорхи, гьезул гIузраби цIехей.

## ГIасаб ФАП рагьана

ТIадегIанал гьалбал районалъул бетIер МухIамад ХIасановгун щвана ГIасаб росулъ гIемерал саназ халатбахъун букIараб, ФАП рагьулеб байрамияб тадбиралде. 2015-леб соналъ базе байбихьараб ФАП анкьго сонидасан биччана хIалтIизе.

ДРялъул ХIукуматалъул вакилзабаз гьабуна бакIалъулал гIадамалгун дандчIвай, гIенеккана ругел гIузрабазухъ ва халкъалъе гIумруялъе бажарараб кумек гьабизе букIин бицана. Гьез баян гьабуна ДРялъул ХIукуматалъ магIарухъ бакIалъулаб инфраструктура цебетIеялъе хIалтIаби гьарулел рукIин.

МИЛЛИЯЛ ПРОЕКТАЛ

## «Дир Дагъистан-дир нухал»



ГьентIа, Гьоориб ва ГIурада нухал къачIана араб соналъ «Дир Дагъистан-дир нухал» проекталда рекъон. ???

Гьоориб росулъ 550 метралъул мазилалда бетон тIун къачIана Гоорская абураб къватI. Росдал жамагIаталъе гуребги рачIунел туристазеги санагIалъаби гьарулел руго гьенир.

ГьентIа росулъ нухлул рагIалккун 150 метралъ бетон тIун щула гьабуна ракь бачIине рес бугеб бакI. Киналго хIалтIаби ана райадминистрациялъул ва росабазул нухмалъулезул мухIканаб бербалагьиялда гьоркь.

## Ракьуб нухал къачIана



ЦIадал ранщинахъе рахъал рахъун хвезарулел Ракьуб росулъа жаниса нухал къачIана, лъим чвахизе рогIрал лъун.

Аслияб хIалалъ хIалтIаби гьаруна спонсоралъулаб кумекалдалъун ва росдал администрациялъул бюджеталдасан. ГIаммгьабун машинадул нухал къачIана 400м халалъухъе. Гьединго росулъе бачIунеб нух къачIана асфальти тIун, росулъа спонсорасул кумекалдалъун.

## Дагъбаш цIияб кьо

10 сентябралъ Дагъбаш росулъе унеб кьо рагьулеб тадбир тIобитIана. Гьелъие республикаялъул транспорталъул ва нухазул министерствоялдаса биччан букIана 45 млн.гъ. Районалъул бищун борхатаб росдал жамагIаталъе кIудияб бигьалъи гьабуна цIияб кьо баялъ.

ЦIИЯЛ ОБЪЕКТАЛ

## ХIухьбахъиялъе майданал

Араб соналъ «Дир Дагъистан» программаялъул бутIа «Комфортная городская среда» абураб проекталда рекъон, нилъер районалда къачIана 2 жамгIияб бакI: ГIасаб ва ХIотода росабалъ.



11 сентябралда ХIотода росулъ гьединаб майдан рагьулеб тадбир тIобитIана байрамияб ахIвалхIалалда. Гьениб рагьана хIухьбахъиялъе цIакъ санагIатаб сверун къараб парк.

## ГIурада маданияталъул кIалгIа рагьана

15 ноябралда, ГIурада росулъ байрамияб ахIвалхIалалда тIобитIана цIи гьабураб маданияталъул кIалгIа рагьулеб рохалилаб тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабизе щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, ДРялъул маданияталъул министр Зарема Бутаева ва цогидал.

ХIурматияй гьоболгун ва лъималгун цIи гьабун къачIараб маданияталъул кIалгIа рагьун хадуб, районалъул бетIерас баркана ГIурада росдал жамагIаталда кIудияб хIалтIи рагIалде бахьин ва баркала кьуна гьеб ишалъулъ гIахьаллъаралщиназе.

ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

## ЦIилъарал школал

Капиталияб ремонтал гьарун 5 школа цIилъана араб соналъ.

«Развитие образования» программаялда рекъон, капиталияб ремонтал гьаруна районалъул 4 школалда – МачIада ва ХIотода гьоркьохъел, Къваниб аслияб ва ЗанатIа школазда. 1 сентябралде ратIа рахъизе лъаларедухъ цIилъарал школаз нуцIби рагьана жидерго цIалдохъабазе.

Районалда бищун кIудияблъун кколеб ХIебда гьоркьохъеб школалда капиталияб ремонт гьабун, официалияб хIалалъ рагьулеб байрамияб тадбир тIобитIана 16-леб октябралъ.

Гьаб соналъул июлалда байбихьана ХIебда школалъул аслияб корпусалда капиталияб ремонт гьабизе. Ремонталъе С.Меликовасул буюрухъалда рекъон, биччан букIана 18 миллионалдасаги цIикIкIун гъурущ.

ЦIи гьабураб школалъе машгьурав нилъер ракьцояв, милициялъул генерал-лейтенант МухIамад ГIабдуразакъовасул цIар кьолеб республикаялъул кIваралъул кIудияб тадбирги тIобитIана ХIебда школалда.

Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, ДРялъул жанисел ишазул министрасул заместитель Сахават Сахаватов, МухIамад ГIабдуразакъовасул вас Шамил ГIабдуразакъов, гьезул гIагарлъи, росуцоял ва гьесда цадахъ хIалтIарал МВДялъул ветеранал.

ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

## ХIебда – Аварагасул ﷺ асарал



13-16 апрелалда свалат-салам лъеяв Аварагасул асарал рачIана нилъер районалде. Гьезда гьоркьор рукIана МухIаммад аварагасул (с.гI.в) ботIрол рас, гьесул яс ФатIиматил кверзул гьобоги, Халид-асхIабасул къолденги, Билал-асхIабасул парччиги, аварагасулги Шамил имамасул заманалъулги хвалчаби ва цогидалги алатал. Гьеб тадбиралъе районалъул росабазул киналго жамагIатаз гьабуна мустахIикъаб дандчIвай.

38 къимат тIокIал асаразул цебелъеялъе шатер хIадурун букIана райцентралда МахIмуд ГьитIиновасул цIаралда бугеб паркалда.

Ункъабго къоялъ ХIебде нилъерго районцоялги, цогидал районаздасаги, шагьараздасаги ва Дагъистан тун къватIисаги щвана 81азарго зияратчи. Росабалъа хис-хисун руччабигун бихьинал рачIун киналниги тIаде щваразе чIезабуна ифтIаралъе ва сухIуралъе квен. Гьел къояз 25азарго зияратчи кваназавуна ХIебда. ЦIакъ тартибалда ва гIадлу-низамалда бачана 4 къоялъ халатбахъараб баракатаб тадбир.

## ГIасаб республикаялъул гIалимзабазул мажлис

5 сентябралъ ГIасаса шайихзаби ГIабдурахIман-хIажи ва МухIамад-ягIсуби ракIалдещвеялъе республикаялъулго гIалимзаби гIахьаллъараб кIудияб мажлис тIобитIана МочIолъ мадрасалда.

Гьенир гIахьаллъана цохIо районалъул росабалъа гурелги батIи-батIиял районаздаса ва шагьараздаса анцIазаргоялдасаги цIикIкIун чи.

Чанго сагIаталъ халатбахъараб данделъи букIана цIакъго пайдаяб ва гIадамал разияб.

## Конкурсал

ДагIваталъул отделгун цадахъ редакциялъ



Рамазан моцIалде ва Къурбанкъоялде лъазарун рукIана конкурсал.

КIалккул моцIалъ лъазабун букIараб «МархIаба Рамазан» абураб конкурсалъул хIасилал гьарулеб гьитIинабго тадбир тIобитIана 30-леб маялъ редакциялда.

Къурбанкъоялде тIоритIарал къецазул хIасилал гьаруна 27 июналъ «Цолъи»ялъул редакциялда. ГIахьаллъи гьабуралщиназе кьуна ракIалде щвеялъе сайигъатал, бергьенлъи босаразе кьуна сайигъаталгун грамотаби. ТIоцебесеб бакIалъе щвана Къурбаналъе хъвезе куй.

СПОРТИВИЯЛ ТАДБИРАЛ

## Суракъат Асиятиловасул цIаралда 50-леб турнир

Нилъер ракьцояв, политик, спортсмен ва жамагIатчи Асиятилов Суракъат ХIавалович ракIалде щвезавун спортивияб байрам тIобитIана 4-5 ноябралда ХIебда ДЮСШялъул залалда.

50-абилеб нух букIана Суракъат Асиятиловасул призалъе гIоло эркенаб гугариялъул халкъазда гьоркьосеб кIваралъул рагьараб турнир тIобитIулеб. Дагъистаналъул шагьараздасагун районаздаса, РФялъул регионаздаса 90-ялдаса цIикIкIун спортсмен гIахьаллъана гьенив.

Турнир тIобитIиялъе квербакъун сахаватчилъи гьабуна райадминистрациялъ, Суракъат Асиятиловасул гIагарлъиялъ, республикаялъул спорталъул министерствоялъ.

## Европаялъул чемпион



12-19 ноябралда Черногориялда Будва шагьаралда тIобитIараб 22 сониде рахъинчIел гIолилазда гьоркьоб боксалъул Европаялъул чемпионаталда Россиялъул тIаса бищараб командаялда гьоркьов гIахьаллъана нилъер ракьцояв, Гьоориса ЧIегIерав Ашалаев.

75 кг цIайиялда цеве вахъарав ЧIегIерас, ракIчIараб бергьенлъи босана ва Европаялъул чемпионлъун вахъана.

Россиялъул командаялъ Европаялъул чемпионаталда ккуна тIоцебесеб бакI. Гьеб бергьенлъиялъ Ашалаевасе рес кьуна Олимпиялъул хIаязда гIахьаллъизе.

ВАТIАН БОКЬИЯЛДЕ КУЦАЛЕЛ ТАДБИРАЛ

## Бергьенлъиялъулаб байрахъ

КIудияб Бергьенлъиялъ 78 сон тIубаялде буссараб «Бергьенлъиялъул байрахъ» абураб акциялъул берцинаб бутIа - автомобилал риччай тIобитIана 8 маялъ районалда.

КIудияб ВатIанияб рагъде районалъул гIолилал тIоритIулеб букIараб бакIалдаса-КъахIиб росулъа бахъараб ГIурада - Дагъистаналъул тIоцевесев генерал-полковник МухIамад Танкаевасул музеялде щвезегIан, 20 км гIанисеб манзилалъ, Россиялъул, Дагъистаналъул ва Бергьенлъиялъул байрахъалгун автомобилал риччана. Гьенир гIахьаллъана лъебергоялдаса цIикIкIун машина.

## Бергьенлъиялъулаб парад

Щибаб лъагIалида хасаб асаргун тIолабго ул-



каялъ кIодо гьабулеб КIудияб Бергьенлъиялъул къоялъул байрам тIобитIана нилъер районалдаги 9-леб маялъ.

ХIебда росулъ М.ГьитIиновасул цIаралда бугеб маданияталъул ва хIухьбахъиялъул паркалда тIобитIараб 2023 соналъул 9 маялъул байрамалда хIурматияб гьалбадъун рукIана жакъа ВатIаналъул гIорхъаби цIунулел ругел СВОялъул гIахьалчагIи. Хасал сайигъатал хIадурун рукIана гьенире рачIарал 29 рагъухъанасе.

## Кавказ цIуниялъе рагъулъ бергьенлъи ракIалде щвеялъе

1-себ октябралда, Гьоориб басрияб росулъ тIобитIана кIудияб тадбир. Гьеб тадбир хурхун букIана Кавказалъул рагъда бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялде ва Россиялда гьорлъе Новороссиялъулгун Донбассалъул 4 регион цолъизабиялъул хIурматалда.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер



МухIамад ХIасанов, гьесул заместитель Карим Будунов, Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Шамиль ГIалиев, Гьоор, КъахIиб, ХIебда школазул мугIалимзаби ва «Юнармия» волонтеразул кокъабазул цIалдохъаби, районалъул идарабазул нухмалъулел ва маданияталъул хIалтIухъаби.

Гьаадерил некIсиял сиязда аскIор гIахьаллъараз тIибитIана 30х15 м роценалъул бергьенлъиялъул багIараб байрахъ.

## ХIаракаталда арал ярмаркаби



22 февралалъ ВатIан цIунулезул къоялде мугIалимзабигун ва улбулгун цадахъ ХIебда школалъ тIобитIана кIудияб ярмарка. Гьениб ХIебда школалъул цIалдохъабазе щвараб 127 азарго гъ. гьез кьуна районалъул фондалде.

24 октябралъ ХIебда тIоритIана росдал магIишаталъул ва школлъималазул ярмаркаби. КIудияб гъунки, жигарчилъи ва хIаракат бихьизабуна ярмаркабазда гIахьаллъаралщиназ – дарам гьабулезги, къайи бичулезги. ЛъикIаб хIадурлъигун ярмаркаялда гIахьаллъизе щвана ГIасаб, МачIада, ХIебда, Гьолокь, Бакълъухъ, ТIелекь №2 гьоркьохъел школал ва ХIебда садик. Улбузул ва мугIалимзабазул кумекалдалъун хIадурарал тIагIелал, кванил нигIматал ричулел рукIана цIалдохъабаз.

ГIаммгьабун школазул ярмаркаялда лъималаз бакIарун «Кинабго фронталъе. Кинабго Бергьенлъиялъе» фондалде бачIана 271 017 гъурущ.

Хадусеб 4-аб. гьумералда

■ ЮБИЛЕЙ

# Ралъад гIадай чIужугIадан

*Йиго чIужугIадан жийго бакъ гIадай,*
*ГIажаибго сверухъ хинлъи бикьулей.*
*Бадиса гугьарго гьими чвахулей,*
*Бохула гьинал ракI гьелда бер чIвайгун...*



ХIасратаб гьимиялдалъун, кIудияб гъираялда районалъул бокьараб жамгIияб иш жиндица тIубан бажарулей, ДРялъул лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан, ХIебда ясли-ахалъул нухмалъулей, районалъул руччабазул Советалъул председатель Умакусум ГIалибеговалъ гьал гIагарал кьояз бала гIумрудул 60 сон. Районалда жанив къанагIатги ватиларо гьитIиназдаса кIудиязде щвезегIан гьей лъаларев, гьелъул кумекалъулаб кверчIваялде гъоркье щвечIев.

ГIУМРУДУЛ ВА ТВОРЧЕСТВОЯЛЪУЛ НУХ:

**Умакусум ГIалибегова гьаюна Советский районалда ХIебда росулъ 1964 соналъул I5 январалда.**

**ЦIалана Умакусум ХIебда гьоркьохъеб школалда, гьеб лъугIун хадуса цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул педагогикияб институталде. ТIадегIанаб лъайги щун тIадюссана гIараб росулъе.**

**1987 Умакусум хIалтIана ХIебда ясли-ахикь тарбиячIужулъун.**

**2006 соналъ Умакусум тIамуна КЦСОНалъул психолого –педагогикияб отделениялъул заведующийлъун.**

**2011 соналдаса нахъе Умакусум ГIалибеговалъ нухмалъи гьабулеб буго ХIебда ясли-ахалъе. Абизе бегьула гьей ячIаралдаса ясли-ах тIегьан бачIанилан.**

**2014 соналъ Умакусум тIамуна районалъул руччабазул Советалъул председательлъун. Кинабго жанги, жигарлъиги, чорхол къуватги. рекIел хIасратги гьелъ кьуна гIадамазул ракIал авадан рукIине, жахIда-хIусуд тIагIине вацлъи, гьуинлъи щула гьабизе.**

**2020 соналъ Умакусум йищана райсобраниялъул депутатлъун.**

ХIалтIулъ гьелъ бихьизабуна жиндирго бугеб гъираги, лъималазде ва цадахъ хIултIулезде бугеб рокьиги. Умакусум ГIалибегова гьитIинаб мехалдасаго гIумру ва гIадамал хирияй, гьайбатлъиялъул гIаламатал жиндир чорхолъ бессарай йиго. Мунагьал чураяй эбелалъулго гIадаб гьунар буго Умакусумил кучIдул гьаризеги. Чанго кучIдул руго ясли-ахалъул лъималазе гьелъ хъварал.

ГIемерал саназулаб жигараб жамгIияб хIалтIухъ Умакусум ГIалибегова мустахIикълъана шапакъатазе: каранда балеб знак «За укрепление межнационального единства», медаль «За любовь к Отчизне», Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул юбилеялъулаб медаль, Россиялъул руччабазул Союзалъул ракIалдещеялъул медаль ва гIемерал баркалаялъул кагътал. Лъайкьеялъул бутIаялда гьабураб хIалтIул хIасилазухъ мустахIикълъана тIадегIанал цIаразе: РФялъул гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан ва ДРялъул лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан.

Умакусумил буго кIудияб гъункараб хъизан. Мисалияб тарбияги кьун цо васги ункъго ясги гIезаруна гьелъ рос ШехмухIамадгун цадахъ. АнцIилалъабго лъумалазул лималги гуIн рачIинел. Унго- унгояй магIарул чIужугIаданалъул мисаллъун йиго Умакусум ГIалибегова.

**Редакция ва райадминистрация**

**Умакусум ГIалибеговалда, тIолабго коллективалъ, ракI -ракIалъго баркулеб буго гIумруялъул 60 сон тIубай.**

*Дунялалъул рокьой къадру цIунарай,*
*ЦIунайги, Умакусум МухIамадовна, мун БетIергьанас.*
*БитIараб гурони мекъаб гьабичIей,*
*Гьаеги мун кIодо кIиябго рокьой.*
*Шамил районалъул гIадатияй яс,*
*ГIумруялъул сонал сахал кьеги дуй.*
*Дур гIакьилаб рагIи, магIнаяб калам*
*Киназего жакъа къиматаб буго.*
*Кьо ккаралъуб кьолеб кьварараб жаваб,*
*Кьерилазе даим хIажатаб буго.*
*Нижей гьаб ракьалда мисаллъун йигей,*
*Ссунгеги дуй даим талихIалъул бакъ.*
*Кьойил лъималазул талихIги бихьун*
*Халалъайги дуе гIумрудул санал.*

**Баркигун ХIебда ясли -ахалъул хIалтIухъаби**

■ «КЪАЛМИЦА ХЪВАРАБ, ГIОЩТIОЦА КЪОТIУЛАРО»

# Араб соналъул цо-цо хIалтIаби ва лъугьа-бахъинал

**ЧIУЖУГIАДАН-ХЪИЗАНАЛЪУЛ ВА ХIУКУМАТАЛЪУЛ ЩУЛИЯБ КЬУЧI**

## Руччабазул Советалъул вакилзабигун дандчIвай

15 июналда нилъер районалда тIобитIана ДРялъул руччабазул Союзалъ гIуцIараб гIатIидаб тадбир. Гьелъул тIоцебесеб бутIалъун букIана районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул ва ДРялъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъул СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаналгун дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана



ДРялъул лъималазул ихтиярал цIуниялъул вакил Марина Ежова, ДРялъул миллияб политикаялъул министерствоялъул отделалъе нухмалъулей ХIасайбат Валиева, ДРялъул прокурорасул кумекчи Эльдар Порсуков, РДялъул юстициязул министерствоялъул вакил Изольда ХIажиева, ва цогидал.

Хадубккун тIадегIанал гьалбаз тIобитIана нилъер районалъул руччабигун ва цоги районазул Советазул вакилзабигун гIатIидаб данделъи.

Къаденахъе Гьолокь гIуцIун букIана гьалбазе миллияб кванил ва маданияталъул церерахъиназдалъун бечедаб программа.

РОСДАЛ МАГIИШАТ

## Саназ халатбахъараб лъел суал

Цо чанго соналъ чIахIи-чIахIиял магIишатазе лъадал каналал жаниса рацIцIинчIого, гьезул тIалаб гьабизе кколеб идараялъ квер хьвагIун теялъ кIудияб зарал кколеб букIана. Гьеб суалалдасан росдал магIишатчагIазул ахIиялъе жаваб гьабун гIемер къеркьана районалъул бетIер М.ХIасанов. Араб соналъул май моцIалъул ахиралда ДРялъул «Минмелиоводхоз»алъул департаменталъул директор З.Къурбановасул ва нилъер районалъул Кочубеялъул ракьалда ругел росдал магIишатазул нухмалъулезул дандчIвай тIобитIана. КъотIи гьабуна Бороздиновская прорва ва Сухоречье каналаздаса сверухъ ругел магIишатчагIазе лъим чIезабизелъун, гьел канал рацIцIад гьариялъул хIалтIаби байбихьизе.

## ГIухьбузулгун дандчIвай

Риидалил мучIдузда ругел гIухьбузулгун аваданаб дандчIвай тIобитIана кьелдерил рохьоб 16 августалъ.

Дандельиялда рорхана росдал магIишатчагIазе кIвар бугел суалал, бицана гIагараб заманалда ва хадубккунги гьабизе бугелъул.

*ХIурматиял районцоял, «Цольи» газеталъулгун бухьен толарел цIалдолел! Гьал тIадехун кьурал тадбирал ккола нилъер районалда тIоритIаразул анцIил бутIа. РакIалдещевялъе гьалда гIей гьабун тана. Кибниги интернет-сурсатазда гьаб кьокъаб баян щоларо. Нижеца кIвараб хIаракат бахъана тIубараб лъагIелалъ нужергун щулияб бухьен ккевзе. Хьул буго бачIунеб соналъги нилъер гьоркьоблъи къотIизе гьечIольиялда.*

*Баркула нужеда тIаде щвараб ЦIияб 2024 сон! Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб ва баракатаб гIумру, ЦIияб соналъ цIи-цIиял бергьенлъаби, араб соналдаса цIикIкIун. ТIадегIанав Аллагьас баракат рещтIайги щивасул рукъалда! ТIурайги щивасул рекIелъ ругел лъикIал къасдалгун мурадал, лъикIлъаги гIумру-яшав. Биччанте ЦIияб сон нилъер щивасе букIине рохалилаблъун, ургъел-балагьал рикIкIалъараблъун, ракълилаблъун ва талихIаблъун, рос-лъади, хъизан-лъимал, тIолалго гIадамал цоцазда ричIчIараблъун, гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъиялъе гIоло киналго районцоял гъункулеблъун ва цолъулеблъун.*

**Материал хIадурана П.ЖАМАЛУДИНОВАЛЪ**


# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов
ГI.ХIасанова

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета кьватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва кьватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I кьватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- ккoлеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил кьватI 50